



5 Bagay Ou Bezwèn Konnen Pwoteksyon kont Pèsekisyon nan Travay pou Sèks dapre Lwa Noujèze

- 1 Lwa Noujèze kont Diskriminasyon an (New Jersey Law Against Discrimination, oswa LAD) defann pèsekite moun pou sèks,** ki se yon fòm diskriminasyon kont yon moun nan travay li, kòm yon gason oubyen yon fi. Sa vle di ou gen dwa pou pèsonn pa pèsekite ou pou sèks nan travay ou, kèlkeswa ki kalite kote oswa ki gwosè kote ou travay la, ki travay w ap fè, oswa ki lang ou pale. Sa yo ka rele pèsekisyon pou sèks, se pèsekisyon nan pawòl tankou gwo mo sal oswa kòmantè ki manke moun dega, kit se anfas moun lan kit se nan telefòn oswa anliy; pèsekisyon fizik tankou manyen moun lan kote li pa dakò; oswa pèsekisyon vizyèl, tankou montre moun lan oubyen voye ba li nan kourye elektwonnik pòtre, sekans vizyèl, oubyen desen pònografik.
- 2 Gen de kalite pèsekisyon seksyèl ilegal nan kote moun travay:** paspouki, ak anbyans ki ostil nan travay. Pèsekisyon paspouki, se lè yo fè yon moun bennefisyè yon avantaj tankou yon pwomosyon poutèt favè seksyèl, oubyen lè yo mennase yon moun fè li yon mechanste, tankou revoke li, si li refize yon pwopozisyon seksyèl. Gen yon anbyans ki ostil nan travay lè yo fè yon moun sibi yon konpòtman ostil li pa vle kòm yon gason oubyen yon fi, si konpòtman an ase grav oswa pèsistan pou fè moun lan santi entimidasyon, ostilite, oswa yon mankdega.
- 3 Yon patwon dwe pran aksyon pou sispann pèsekisyon seksyèl** si li konnen oswa li ta dwe konnen bagay konsa ap rive. Sa dwe fèt kèlkeswa moun ki koupab pèsekisyon an, kit se yon sipèvizè, oswa yon kòlèg, oswa yon lòt moun ou gen rapò travay avèk li (tankou yon sipòtè, yon kliyan, oswa yon founisè). Kidonk, pa egzanp, si yon kòlèg ap di pawòl sou kò ou avèk yon deskripsyon grafik devan sipèvizè ou, oubyen si ou fè rapò kont yon sipòte k ap chèche manyen ou yon jan ou pa dakò, patwon ou dwe pran yon aksyon.
- 4 Lwa federal yo pwoteje ou kont pèsekisyon nan travay ou pou sèks,** mwen lwa LAD a ba ou de lòt pwoteksyon anplis. An premye, lwa federal la aplikab sèlman pou kote ki genyen kenz anplwaye oubyen plis, alòske lwa LAD a aplikab pou tout anplwaye nan Noujèze, kèlkeswa kantite anplwaye ki travay nan kote a. An dezyèm, lwa LAD a pwoteje travayè endependan kont pèsekisyon pou sèks, alòske lwa federal la pwoteje sèlman travayè ki klase legalman kòm anplwaye.
- 5 LAD defann patwon an fè vanjans kont ou** paske ou fè objeksyon kont pèsekisyon pou sèks, oubyen paske ou pote plent kont pèsekisyon pou sèks, oubyen paske ou sèvi oubyen eseye sèvi avèk nenpòt ki lòt dwa dapre lalwa.

Pou jwenn plis enfòmasyon oubyen pou pote yon plent, ale nan adrès **NJCivilRights.gov** oswa rele nan nimewo **1.833.NJDCR4U**



NJ Office of the Attorney General

NJCivilRights.gov



NJ CIVIL RIGHTS
@CivilRightsNJ #CivilRightsNJ #StandUpAgainstHate



02/24/21